

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50

Chapit 5. Prensip jeneral pou tout elèv
Seksyon 5.50

Regleman 5.50 Dosye Elèv yo

1. Konsèy administrasyon an ak Sipèentandan an afime responsablite yo pou tabli metòd pou trete dosye elèv an konfòmite avèk lalwa, ansanm ak tout lwa § 1002.22 Eta Florid la, Lwa Depatman Edikasyon Eta a ("SBER") 6A-1.0955, 20 U.S.C. 1232g ("FERPA"), ak 34 C.F.R. Part 99. Lwa federal ki defini dosye elèv yo se, lwa § 1002.22 (2) (c) & (d) ak SBER 6A-1.0955 (2)(a). Anplwaye ki anchaj jere dosye elèv yo gen responsablite pou familiarize ak lwa sa yo, ke regleman sa ap egzekite ak ranfòse.
2. **Enfòmasyon anyèl FERPA ak dwa Eta Florid konsènan dosye elèv yo.**—Dwe gen yon avètisman anyèl sou dwa paran (ak elèv ki gen laj majè) yo dapre regleman lwa FERPA a ak lwa § 1002.22 Eta Florid la konsènan dosye elèv yo, ki pibliye nan manyèl enfòmasyon Distri Lekòl la pou elèv ak tout fanmi yo oswa lòt kalite materyèl enprime ki distribiye bay elèv yo ak pibliye sou sit entènèt Distri Lekòl la ki nan adrès www.palmbeach.k12.fl.us/SupplementalEducationalSevices/Records.htm. Avètisman anyèl pou paran/responsab elèv yo ak elèv majè yo, dwe genyen ladan, men ki pa limite ak sa sèlman:
 - a. dwa d aksè, dwa egzansyon aksè, dwa kontestasyon ak odyans fòmèl nan tribinal (dapre regleman oswa prensip 5.1816 Konsèy administrasyon an) ak dwa entimite pèsonèl;
 - b. enfòmasyon sou pozisyon ak disponiblite regleman sa a ak lwa 5.1816 sou dosye edikasyon;
 - c. idantifikasyon sèten anplwaye nan pèsonèl ajans ki pa fè pati Distri Lekòl la kòm "lòt ofisyèl lekòl" ki kapab genyen "enterè edikatif byen fonde" nan enfòmasyon ki sou dosye elèv;
 - d. yon deklarasyon kote Konsèy administrasyon Distri lekòl la adopte prensip pou aplike lwa sou dwa ki gen rapò ak dosye elèv yo; kalite enfòmasyon ak done ki antre yon fason jeneral nan dosye elèv yo dapre jan Konsèy administrasyon lekòl la kenbe yo; ak pwosedi ki dwe suiv pou egzèse dwa sa yo, ak
 - e. nenpòt lòt sijè lalwa egzije.
3. **Kalite ak lokalizasyon dosye elèv yo.**—Dosye edikasyon elèv yo gen yon katab dosye kimilatif yo kenbe pou chak elèv nan lekòl la dapre jan sa mansyone pi ba a nan souparagraf (3)(c) a. Katab sa a genyen enfòmasyon pèsonèl elèv la, nòt elèv la, ak rezilta egzamen elèv la yo. Distri lekòl la dwe kenbe enfòmasyon elèv yo dapre jan sa tabli nan la SBER 6A-1.0955 (4) la.
 - a. Dosye edikasyon sa yo kapab mentni pou fasilite oryantasyon ansèyman ak pwogrè edikatif elèv ak granmoun ki enskri yo nan Distri lekòl la. Gen enfòmasyon sou elèv la nan direksyon lekòl la epi katab sou dosye kimilatif elèv la genyen non ofisyèl elèv la, enfòmasyon sou dat nesans li, dènye adrès yo gen pou li, non paran/responsab li, adrès dènye lekòl li te frekante, kantite jou prezan/absan li genyen, ansanm ak dat enskripsyon ak dat li te kite lekòl la, ki klas li te pran, dosye akonplisman li, dat gradyasyon oswa dat li te kite lekòl la. Pami lòt kalite enfòmasyon ki kab nan dosye elèv la lekòl la, ou kab jwenn: done medikal ak sous yo, enfòmasyon sou lòt aktivite ki pa akademik, rezilta tès konvansyonèl yo oswa egzamen ofisyèl yo, plan edikatif ak pwofesyonèl, onè, eksperyans travay ak kòmantè obsèvasyon pwofesè, dosye enfòmasyon estaf yo sou elèv ki gen bezwen espesyal yo, lis tout lekòl elèv la te frekante, sètifika sou ansèyman otoekòl pou gen lisans chofè, korespondans ki soti nan ajans prive oswa kominotè yo, kopi antant alekri sou

disiplin yo, enfòmasyon sou eliminasyon oswa destriksyon dosye yo ak lòt dosye sou disiplin.

- b. Lòt dosye ki klase nan kad definisyon lwa federal, ak lwa § 1002.22 (2) (c) & (d) Eta Florid la, oswa SBER 6A-1.0955 (2)(a) fè pati dosye elèv yo tou pou rezon pwoteksyon konfidansyalite.
- c. Responsab dosye elèv yo ak direktè/tris dènve lekòl elèv la te ye oswa te gradye a kenbe dosye yo pandan 3 zan. Apre sa, yo voye dosye yo nan Depatman Jesyon Dosye ki nan Distri Lekòl la. Ou kapab kontakte Depatman Jesyon Dosye a nan (561) 434-8951. Dosye sa yo parèt tou nan TERM ki se lojisye Distri a itilize pou mentni dosye elèv yo nan Distri a. Adrès lekòl yo disponib sou sit Distri a.

4. **Aksè pou paran ak elèv ki gen laj majè yo.**—Paran ak elèv ki gen laj majè yo dwe jwenn aksè pou konsilte dosye elèv la anvan delè 30 jou pase apre Distri Lekòl la te resevwa demand la. Dwa paran oswa elèv ki kalifye pou gen aksè nan dosye elèv la gen ladan li tou, depi yo mande sa, dwa pou gade oswa konsilte nenpòt lòt dosye oswa rapò Distri a kenbe an relasyon ak elèv sa a, epi depi demand la rezonab, lekòl la dwe founi bay paran oswa elèv sa a tout eksplikasyon oswa entèpretasyon nenpòt enfòmasyon ki nan dosye oswa rapò sa a. Nenpòt paran oswa elèv ki fè demand pou resevwa kopi lis, dosye oswa rapò dwe jwenn ni dapre pwovizyon lwa § 1002.22(3) Eta Florid la.

- a. Lekòl la dwe respekte dwa d aksè toude paran elèv la yo, amwenske gen dokiman ofisyèl oswa desizyon tribinal ki klase nan biwo lekòl la, ki refize espesifikman bay youn oswa toude paran yo dwa pou sa.
- b. Yon paran oswa yon elèv ki gen laj majè gen dwa, depi yo fè demand la, pou yo wè nenpòt rapò oswa dosye yon ensititasyon ansèyman piblik kèlkonk kenbe nan dosye yo ki gen rapò ak elèv sa a. Sepandan, si rapò oswa dosye sa a gen enfòmasyon ladan konsènan plis pase yon elèv, paran oswa elèv majè a sèlman gen dwa pou resevwa, oswa jwenn enfòmasyon sou dosye elèv ki konsène a sèlman; enfòmasyon sou lòt elèv la pa dwe enkli.
- c. Yo kapab chaje yon frè minim dapre lis frè ki pi ba a pou fè fotokopi sa yo, nan moman yo mande Distri Lekòl la pou bay paran an yon dosye ki pa abitye distribiye bay tout paran, yon bann ak yon pakèt dokiman, dokimantasyon l ap bay yon lòt moun ki pa paran elèv, swa se avèk oswa san konsantman paran an, oubyen sou òdonans yon jij oswa entèpelasyon tribinal oswa yon manda, oswa diplikata yon dosye ki deja soumèt. Sepandan, frè a pa p depase pri aktyèl ki nan lis Distri Lekòl la pou fè kopi epi p ap gen frè si dosye a pa disponib pou paran an. Direktè/tris la ap fè aranjman pou paran an oswa elèv ki kalifye a okouran ak gen aksè ak lokal ak lè y ap kapab wè dosye a.
- d. Lis frè – Lis frè pou peye yo – Lè gen otorizasyon pou peye frè dapre seksyon (4)(c) pi wo a, Distri Lekòl la dwe founi bay paran an yon kopi oswa kopi notarye kèlkeswa dosye elèv la depi yo peye kalite frè ki nan lis pi ba a. Nenpòt kote ekspresyon "actual cost", sètadi pri aktyèl parèt nan lis sa a, sa vle di "pri materyèl ak ekipman ki itilize pou fè kopi dosye a, men sa pa enkli pri mendèv oswa pri pwojeksyon ki gen rapò ak diplikasyon sa a."

TIP DOSYE YO	DIPLIKATA	FRÈ
Paj legal, yon bò		\$0,15
Paj nòmal, yon bò		\$0,15
Paj legal, de bò		\$0,20
Paj nòmal, de bò		\$0,20
Kasèt odyo		Pri aktyèl (apeprè \$3,00 chak kasèt)
Kasèt videyo		Pri aktyèl (apeprè \$5,00 chak kasèt videyo)

Diskèt òdinatè	Pri aktyèl (apeprè \$0,45 chak diskèt)
Kasèt òdinatè (katridj)	Pri aktyèl (apeprè \$5,35 chak kasèt)
CD (sidi)	Pri aktyèl
Kasèt òdinatè (disk)	Pri aktyèl (apeprè \$10.00 chak kasèt)
SÈVIS ADISYONÈL	FRÈ
Frè pou kopi sètifye \$1.00	\$1.00

Lòt kalite kopi. – Pou nenpòt lòt kalite kopi ki pa mansyone pi wo a, limit frè a pa dwe depase pri aktyèl diplikata a.

5. **Ekzanpsyon** .—Paran ak elèv ki gen laj majè yo gen dwa pou refize bay dwa d aksè pou lèt oswa deklarasyon rekòmandasyon oswa evalyasyon pou elèv sa a. Fòm ekzanpsyon sa yo pa oblije yon kondisyon pou admisyon, pou resevwa èd finansye, oswa pou resevwa nenpòt lòt sèvis oswa avantaj nan men nenpòt ajans piblik oswa enstitisyon ansèyman piblik nan eta sa a.
 - a. Fòm ekzanpsyon sa a dwe valab pou rekòmandasyon oswa evalyasyon sèlman si:
 - i. paran oswa elèv la, sou demand, te konnen non tout moun sa yo k ap fè lèt konfidansyèl oswa deklarasyon konfidansyèl sa yo, ak
 - ii. fòm rekòmandasyon oswa evalyasyon sa yo sèvi sèlman pou objektif espesifik yo te fèt la.
 - b. REMAK: Ekzanpsyon an dwe enkli, men pa sèlman limite ak aksè lèt konfidansyèl oswa deklarasyon. Ekzanpsyon an pa dwe valab amwenske l fèt alekri ak tout siyati paran an oswa elèv laj majè a, oswa paran responsab elèv la kòmsadwa. Ekzanpsyon an kapab anile alekri dapre aksyon ki fèt apre anilasyon an. Distri Lekòl la kapab pa egzije elèv ki gen laj majèl yo, oswa paran responsab elèv yo pou renonse kèlkeswa dwa yo genyen dapre Lwa § 1002.22(3) Eta Florid la.
6. **Demand pou piblikasyon ak ekzanpsyon dosye piblik yo.**—Dosye elèv yo konfidansyèl epi yo pa fè pati Lwa sou Dosye Piblik la. Sa vle di, tout dosye oswa rapò ki kab idantifye yon elèv pèsònèlman, ak kèlkeswa enfòmasyon pèsònèl ki ladan yo, dwe rete konfidansyèl ak pa fè pati Lwa Eta Florid sou Dosye Piblik yo. Yo pa dwe kapab jwenn yo sou baz rekèt enfòmasyon piblik. Menm dosye elèv ki te refèt pou kache enfòmasyon pèsònèl ki kab pèmèt idantifye elèv la dwe rete konfidansyèl ak andeyò kad Lwa Eta Florid sou Dosye Piblik yo, dapre ka *Florida State University v. Hatton*, 672 So. 2d 576, 580 (Fla. 1st DCA 1996). Sepandan, lè gen yon rapò investigatif ki fèt sou popilasyon elèv yo anjeneral oswa yon dosye litigasyon gen kèlkeswa enfòmasyon ki kab pèmèt moun idantifye yon elèv pèsònèlman, “yo dwe efase oswa bife tout enfòmasyon ki kab pèmèt yo idantifye kèlkeswa elèv la avan yo bay rapò sa ali.” *Johnson v. Deluz*, 875 So. 2d 1 (Fla. 4th DCA 2004). Konsilte tou Fla. AGO 2006-21.
7. **Piblikasyon dosye elèv.**—Distri Lekòl la pa dwe otorize piblikasyon dosye, rapò, oswa enfòmasyon sou elèv yo san konsantman ekri paran oswa elèv yo, menm si li kalifye, bay kèlkeswa moun, enstitisyon oswa òganizasyon an, eksepte jan lalwa mande sa. Sepandan, dosye oswa rapò ki gen enfòmasyon pèsònèl ki kab idantifye elèv gen dwa pibliye, san konsantman elèv la oswa paran li, bay yon seri moun oswa òganizasyon, tankou paegzanp responsab lekòl yo oswa lòt kalite dirijan lekòl ki gen yon enterè byen fonde nan edikasyon elèv la, menm jan ak yon seri lòt kondisyon ki mansyone nan Lwa § 1002.22 (3)(d) a Eta Florid la.
8. **Konsantman Ekri.**—Kote konsantman ekri paran an oswa elèv ki gen laj majè a egzijib alekri obligatwaman alavans, kòmsadwa, men fason pou mande ak jwenn konsantman ekri a:

- a. Konsantman ekri ki egzije a dwe siyen ak date epi li dwe genyen:
 - i. Ki kalite dosye egzakteman ki dwe disponib la;
 - ii. rezon pou rann li disponib la; ak
 - iii. pou ki moun oswa gwoup moun pou rann dosye a disponib la.
 - b. Enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt yo idantifye yon elèv dwe disponib sèlman ak kondisyon moun k ap jwenn enfòmasyon an pa dwe bay okenn lòt moun enfòmasyon sa yo san konsantman davans elèv majè a oswa paran responsab elèv la alekri, kòm sa dwa. Responsab ofisyèl, anplwaye ak ajan enstitisyon oswa òganizasyon yo dwe kapab itilize enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt yo idantifye yon elèv, sèlman pou rezon yo te mande yo a.
 - c. Nenpòt lè gen yon demand konsantman alekri ki fèt, Distri Lekòl la dwe konnen si elèv ki gen laj majè a oswa paran responsab li “k ap bay konsantman” an kòm sa dwa, gen otorite pou fè sa, amwenske Distri Lekòl la te jwenn prèv kote gen yon kondisyon legal ki lye, oswa lwa eta a, oswa yon desizyon tribinal ki regle kalite dosye sa yo tankou divòs, separasyon, oswa yon responsab legal ki prezante yon dokiman kontrè.
 - d. Lè yon dosye vin disponib sou demand konsantman ekri ki te fèt davans, si yon paran oswa yon elèv kalifye fè demand la, Distri Lekòl la dwe ba li yon kopi dosye li mete disponib la; ansuit si paran yon elèv ki pa yon elèv kalifye fè demand la, Distri Lekòl la dwe bay elèv la yon kopi dosye li mete disponib la.
 - e. Yon lis sou demand pou enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt yo idantifye yon elèv ki soti nan dosye edikasyon, dwe mentni ak sekirize nan dosye elèv la. Dosye dwa aksè sa a dwe disponib sèlman pou paran, ofisyèl lekòl la ak asistan ki gen responsablite jere kalite dosye sa yo. Lis demand ak disponiblite yo pa oblije mentni lè disponiblite a fèt pou elèv ki gen laj majè oswa paran responsab elèv la, lè disponiblite a baze sou konsantman alekri, oswa lè nou rann dosye a disponib pou ofisyèl Distri Lekòl la, oswa ofisyèl lòl lekòl ki gen yon enterè edikatif byen fonde. Lis demand pou disponiblite dosye yo ap enkli men pa limite sèlman ak sa ki suiv pi ba yo:
 - i. moun ki te fè demand oswa ki te resevwa enfòmasyon ki pèsonèlman idantifyab yo; ak
 - ii. enterè lejitim moun oswa gwoup ki fè demand oswa ki resevwa enfòmasyon yo.
9. **Aksè pou “Lòt ofisyèl lekòl yo” genyen.**—Gen yon seri akò kolaboratif, ki fèt pou pèmèt fè echanj enfòmasyon sou elèv yo, ki kapab negosye ak Depatman Sante Piblik Rejyon Palm Beach la, Depatman Sante piblik Eta Florid, Distri Swen Sante Rejyon Palm Beach, Konsèy Sèvis pou Timoun nan Rejyon Palm Beach la, Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid ak lòt ajans nan yon seri sikonstans byen detèmine kote estaf ajans yo gen yon enterè lejitim byen fonde nan edikasyon elèv y ap ankadre ansanm yo, epi yo entwodui devan Komite Ekzekitif lekòl la pou jwenn apwobasyon, konsa Konsèy administrasyon an deziye estaf ajans sa yo kòm “ofisyèl lòt lekòl yo” ki kapab genyen yon “enterè edikatif byen fonde” nan dosye pou enfòmasyon pèsonèl elèv la, dapre otorite Konsèy administrasyon an nan kad lwa 34 C.F.R. § 99.31(a)(1); 34 C.F.R. § 99.7(3)(iii); ak Fla. Admin. Kòd R. 6A-1.0955(6)(h).
- a. Dapre jan lwa § 1002.22(3)(d)2 Florid ekzije sa, akò avèk ajans sa yo dwe presize ajans la ap enpoze garanti pou bay limit aksè sèlman pou estaf “ki genyen enterè edikatif lejitim sou enfòmasyon ki nan dosye a.” Enterè edikatif lejitim yo defini kòm yon nesosite pou revize yon dosye edikatif pou kapab satisfè responsablite pwofesyonèl anplwaye a ak responsablite konplè travay li nan ekzekisyon travay li genyen ki ekzije aksè ak enfòmasyon nan dosye edikasyon elèv yo ki te sèvi kolektivman.

- b. Anplis, dapre regleman Depatman Edikasyon Eta a 6A-1.0955(6)(g), kalite akò ant-ajans sa yo ap enfòmasyon sou elèv ki pèsònèlman idantifyab yo pou disponib ak ajans sa yo “sèlman akondisyon ke moun nou bay enfòmasyon sa yo pa divilge yo bay okenn lòt gwoup san konsantman preyalab pa ekri elèv adil la oswa paran an oswa responsab elèv la, kòm sa dwa.”
- c. Kalite ak dimansyon enterè edikatif lejitim “lòt ofisyèl lekòl yo” genyen ap varye dapre bezwen ki pou evalye. Paegzanp, yon vandè almanak anyèl ki anboche pou pibliye kaye sou aktivite anyèl nan lekòl ap genyen yon kalite enfòmasyon trè limite sou elèv li gen enterè edikatif lejitim nan: sèlman sa l ap bezwen pou ranpli tach ki nan kontra l la. Okontrè, yon avoka Distri Lekòl la itilize pou defann yon ka ap genyen plis enterè edikatif ki lejitim nan plizyè ka, sa kapab enkli tout enfòmasyon ki nan dosye elèv la, lè kalite enfòmasyon sa a nesèsè pou ranpli responsablite pwofesyonèl avoka a. Sèl Distri Lekòl la ki gen otorite pou detèmine nivo enterè edikatif lejitim “ofisyèl lòt lekòl yo genyen.”
- d. Dapre otorite Komite Ekzekitif la ki dekri nan 34 C.F.R. § 99.31(a)(1); 34 C.F.R. § 99.7(3)(iii); ak Kòd Admin. Florid Regleman 6A-1.0955(6)(h), ladan yo Distri Lekòl la deziye “ofisyèl lòt lekòl yo” k ap gen responsablite pou genyen yon “enterè edikatif lejitim” sou enfòmasyon nan dosye elèv.
 - i. Komite Ekzekitif deziye “ofisyèl sa yo” ki enkli yon administratè, sipèvizè, pwofesè, oswa manm nonn anseyan (ki genyen estaf sante oswa medikal, polis lekòl, yon elèv inivèsite ki plase nan yon lekòl anba Patenarya Pwofesyonèl pou Devlopman Lekòl oswa elèv-anseyan an fòmasyon), oswa yon manm Komite Ekzekitif la, ki bezwen aksè ak enfòmasyon sou dosye elèv la pou kapab ranpli tach ofisyèl li oswa responsablite pwofesyonèl li.
 - ii. “Ofisyèl Lòt Lekòl yo” ap enkli tou dapre yon akò pataj-enfòmasyon dapre masyon ki fèt pi wo a, moun tankou: asosye pou swen sante nan Distri a ak lòt ajans sosyal oswa gouvènmantral ki sèvi elèv yo kolektivman, nan nivo kote enfòmasyon sou dosye elèv yo nesèsè pou prezante ak/oswa evalye sèvis sante ak sèvis sosyal/gouvènmantral elèv yo; yon moun oswa konpayi kote lekòl la te bay kontra oswa te asosye pou ekzekite yon tach espesyal (tankou bag pou klas oswa vandè almanak aktivite anyèl sou kontra avèk lekòl la, oswa yon avoka, oditè, enfimyè, sikològ, konsiltan medikal, oswa terapi ki sou kontra avèk Distri Lekòl la); ak yon paran oswa elèv oswa lòt moun ki sèvi nan yon komite ofisyèl (tankou yon komite pou konplèt oswa disiplin) oswa asiste yon lòt pèsònèl lekòl nan ekzekisyon tach li; oswa yon pèsònèl nan yon lekòl semi-prive nan Distri Lekòl sa a (pou gen aksè ak non/adrès etikèt postal elèv ki nan Distri Lekòl la nan nivo lejitim ki nesèsè pou rekritman epi se sèlman si gen antant pou pa redivilge enfòmasyon bay yon twazyèm pati

10. Transfè dosye yo

- a. Lekòl la ak Distri Lekòl la ap mete disponib dosye edikasyon yo san konsantman ofisyèl yon lòt distri lekòl kote yon elèv ap chache oswa gen entansyon ale, si ofisyèl sa yo fè demand la.
- b. Lwa federal ekzije Distri Lekòl la pou “fasilite transfè dosye disiplin yo, ansanm avèk yon sispansyon oswa ekspilasyon ... bay nenpòt lekòl prive oswa primè elemantè piblik oswa lekòl segondè pou nenpòt elèv ki enskri oswa k ap chache, oswa ki gen entansyon, oswa ki avize pou enskri, aplentan oswa atanpasyèl, nan lekòl la.” 20 U.S.C. § 7165(b).

11. **Aksè pou rekritè militè ak enstitisyon siperyè yo genyen.**—Akoz Kosèy administrasyon Distri Lekòl la pa genyen yon anyèl sou regleman enfòmasyon, enfòmasyon anpil distri lekòl yo genyen yo rele yo “anyèl enfòmasyon” k ap pibliye sèlman sou demand konsantman paekri paran amwenske lalwa pa otorize sa. Sepandan, kòm yon pati nan lwa 2001 Okenn timoun Pa dwe rete deyè a “No

Child Left Behind Act of 2001,” Kongrè ekzije pou distri lekòl yo resevwa asistans anba Lwa Edikasyon Elemantè ak Segondè 1965 la (ESEA) dwe bay rekritè militè yo aksè sou sèten anyè enfòmasyon.

- a. Lwa federal (20 U.S.C. § 7908(a)(1)) kounye a mande pou lekòl segondè yo “prezante sou demand, rekritè militè yo oswa enstitisyon otzetid, aksè ak lis non, adrès, ak telefòn elèv yo.” Gen obligasyon sa a tou nan 10 U.S.C. § 503(c)(1)(A)(ii). Enfòmasyon an ap itilize pou rezon rekritman militè ak lòt objektif lejitim tankou enfòmè elèv yo sou opòtinite pou resevwa bous nan enstitisyon otzetid yo. Konsantman paran pa obligatwa anvan rekritè ak enstitisyon kolèj yo resevwa enfòmasyon yo, byenke paran yo kapab mande pou “pa founi” enfòmasyon sa yo.
- b. An konfòmite avèk lwa sa yo, rekritè militè yo gen dwa pou resevwa lis non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè yo, amwenske paran an oswa elèv la avize lekòl la pou pa rann enfòmasyon sa yo disponib san yon konsantman espesifik ki te fèt alavans paekri.
- c. Y ap enfòmè paran yo sou dwa yo pou refize patisipasyon yo nan Manyèl pou Fanmi Elèv Distri Lekòl la ak fòm enskripsyon pou nouvo ak elèv k ap tounen yo.
- d. “Yon elèv lekòl segondè oswa paran elèv la kapab mande pou pa mete non, adrès, ak nimewo telefòn elèv la nan lis ... pou bay rekritè militè oswa lòt enstitisyon otzetid san konsantman parantal preyalab alekri. 20 U.S.C. § 7908(a)(2). Kidonk, si yon paran pa vle lekòl la oswa Distri Lekòl la revele youn oswa plis nan kategori enfòmasyon sa yo (non, adrès, oswa telefòn) bay rekritè militè yo oswa pèsonèl enstitisyon otzetid san yon konsantman preyalab alekri, paran an oswa elèv la dwe fè direktè(tris) lekòl la konn sa paekri nan yon entèval 10 jou apre distribisyon Manyèl pou Fanmi ak Elèv la.

12. Pwodiksyon dosye elèv dapre òdinans jij oswa entèpelasyon tribinal.—Si yon pati nan yon litij legal prezante yon manda entèpelasyon tribinal oswa òdinans jij pou founi yon dosye elèv, Distri Lekòl la dwe fè sèten paran elèv la okouran demand oswa manda a avan yo konfòmè avèk enstitisyon pedagogik la oswa ajans la.” lwa § 1002.22(3)(d)11 Eta Florid.

- a. Jan sa parèt nan atik 34 C.F.R. §99.31(a)(9)(ii), objektif nòt sa a se pou pèmèt elèv la oswa paran yo reflechi oswa chèche pran rekou aksyon k ap pwoteje yo. Elèv ak paran ki pa fè pati pati ki an litij sa yo dwe resevwa yon avètisman 10 jou alavans, epi elèv ak paran ki fè pati litij la dwe resevwa Avètisman 5 jou alavans.
- b. Pati litijye k ap chèche dosye elèv la dwe mete nan tèt li divilge dosye konfidansyèl yo limite dapre lalwa. Moun ki fè demand dosye konfidansyèl yo dwe demontre “yon nesosite ekstrawòdinè” oswa “kèk sikonstans eksepsyonèl.” Konsilte *State, Department of Highway Safety and Motor Vehicles v. Krejci Co. Inc.*, 570 So. 2d 1322, 1324-25 (Fla. 2d DCA 1990); *Henderson v. Perez*, 835 So.2d 390 (Fla. 2d DCA 2003). Konsiste tou *Florida State University v. Hatton*, 672 So. 2d 576, 580 (Fla. 1st DCA 1996) (ekzije yon tès d ekilib pou detèmine si pati ki fè demand yo genyen yon bezwen lejitim ki depase ekspès elèv la, kondisyon sibstansyèl dwa prive nan konfidansyalite sou enfòmasyon elèv la.)
- c. Anplis, si tribinal la pèmèt dosye konfidansyèl ki disponib, li dwe pran “tout prekosyon pou asire konfidansyalite dosye yo.” *Krejci Co. Inc.*, 570 So. 2d at 1325. Paegzanp, Fla. Admin. Code R. 6A-1.0955(6)(g)2 delineya: “Enfòmasyon ki pèsonèlman idantifye elèv dwe disponib sèlman akondisyon ke pati pouki enfòmasyon an disponib la p ap divilge enfòmasyon an bay okenn lòt pati san konsantman paekri opreyalab elèv adil oswa paran oswa responsab elèv la, kòm sa dwa.” Lòt siyifikasyon apwopriye pou pwoteksyon enfòmasyon se: pa rete nan chanm tribinal la si yo otorize pou dokiman yo prezante nan jijman an; manb jiri d enstriksyon yo p ap remete enfòmasyon yo deyò, epi y ap mete jande dosye sa yo an sekirite pou piblik pa gen aksè avèk yo nan klasè tribinal la.

13. **Piblikasyon ann Ijans.**—Distri Lekòl la kapab mete disponib enfòmasyon ki idantifye elèv la pèsònèlman nan yon siti yasyon d ijans ak pwoteksyon ki detèmine dapre, men ki pa limite dapre faktè pi ba yo.

- a. enpòtans menas sante oswa pwoteksyon elèv la, oswa elèv adil oswa lòt moun;
- b. nesesite enfòmasyon an pou satisfè eta d ijans la;
- c. èske pati ki resevwa enfòmasyon yo nan pozisyon pou jere ijans la; epi
- d. dimansyon kote tan esansyèl anpil pou jere ijans la.

OTORITE LEGAL : Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(2); 1001.43(8); 1002.22(4)

LWA ANVIGÈ : Fla. Stat. § 1002.22; 20 U.S.C. § 1232g; 34 C.F.R. Part 99

LWA SIPLEMANTÈ : Lwa Depatman d Edikasyon Eta a 6A-1.0955

DOSYE ISTORIK: 18/2/72; 28/2/72; 18/1/78; 6/4/83; 2/8/2004; 16/01/2008